ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙСКОЕ СЛОВО

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№83 (21.241) ● 2008 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 29, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомі 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●КъБР-м и Парламентым

110-м и пІэкІэ 72-рэ

КъБР-м и Парламентым щыэзхэтащ депутатхэм я зи чэзу эзІушІэм Парламентархэр хэпльащ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэу 20-м нэблагъэм.

ХАБЗЭ зэрыхъуам тету, эзІушІэм и пэублэм депутатхэм Іэ яІэтащ къэрал къульыкуэр зыхуагъэфащэхэм папщІэ. ЗэзыгъэкІуэк судыяуэ хахащ **Бечелов Радмирр**э (суд Іуэхущ1апІэ №95, Налшык) **Тембот Мухьэмэдрэ** (суд Іуэхущ1апІэ №7, Налшык). НэгъуэщІ Іэнатіэ зэрыратам къыхэкІыу, депутат къалэнхэр щхьэщахащ **Ансыкъуэ Алик** .

Адэкіэ къэпсэльапІэр хуит хуащІащ КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**. Абы депутатхэм я пащхьэ къыриплъхьащ 2007 - 2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуэгъэ егъэфІэкІуэным теухуауэ КъБР-м и Президентым къыхилъхьауэ щытэ республикэпсо программэр. Абы дэщІыгъуэжьпхъэу къаГэлъэгъуэахэр къэлытауэ, етІуанэ ерджгъуэкІэ парламентархэм Іэ яІэтащ икІи хуэдизкІэ унафэрэ унэтІынныгъэрэ игъуэтынымкІэ КъБР-м и Президентым хуагъэхьыну унафэ кІащІащ. КъыхэгъэщІапхъэщ а программэм къыхэщІыубыдэ Іэхуэгъуэхэр гъэзэщІэным сом мелуан 490,5-рэ зэрытекІуэдэнэр, абы апхуэдэу хеубыдэ федерал мылъкум къыхэкІыну зыщыгугъ сом мелуан 229,4-рэ, КъБР-м и республикэ мылъкум щыщу - сом мелуан 260,1-рэ, бюджетым хэмыхьэ мылъкуу - сом 1 мелуан.

Апхуэдэу етІуанэ хъеджэгъуэкІэ кІащтащ «Парламент къэхутэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законыр. Абы къыхэщІыубыдэ парламент къэхутэныгъэ хэлъщІалэт, ар зращІэкІ хъуну Іуэхугъуэхэр, абы лъабжьэ хуэхъу щхьэусыгъуэхэр, парламент къэхутэныгъэм и къыхэпащІыкІэмрэ къэхутэныгъэ нэхъыщІэхэмрэ, а Іуэхум хэтыну пщэрыпІэ зыщащІ щІыкІуэм я къэпсэльапІэхэм я Іуэхугъэ щІыпІэм кІуэду щащІэ сэхуранэм щІэлэжьыну цех. Абы щыщІахуэнущ сэхуран дагъэ, Іэщым ирагъэшхуэ жмых Іусыпхъэ щагъэхьэзырынущ. Іэщ гъэхъуныр ноб3 зи фейдэ зэкІыпІэу щыт къуаджэм дежкІэ мыпхуэдэ Іэнатіэхэм мыхьэнэщхуэ яІэщ. Мыгувэу къуажэм иІэ хъунущ зэуэ джэд миным нэс щапІыну фермэ. Абы щыІуэ 10 - 12-м лэжьыгъэ щагъэзэнынущ.

Хъэрычэтыщ1э Бэлэтокъуэ Артуррэ Анзоррэ, ГъукІакъуэ Залым, Бэрэгъун Жандэрий сымэ я мылъкуІэ къызэІуахащ иджырей мардэм ит щІакхъуэгъэкъапІэ. Мыбыи щІыхуи 8-м лэжьапІэ щагъуэтащ. Иджыпсту къуажэ бэджэндырылажьэхэм я къаркІэ зэрагъэпэщыж «Урожай» мэкъумэщ предприятэу щытам и псэуалъэжьхэр. Бжьыхь ф1ывэ къехьэлІэжьгъуэм ирихьэлІэу ахэр хъунущ ф1ывэ жылапхъэхэм щхьэкІэ гуэн.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Дыгъуасэ «Налшык-Автоваз» ОАО-м и пщІантІэм гуфІэгъуэ зэІушІэ щызэхэтащ. ТекІуэныгъэм и маХуэшхуэм ирихьэлІэу Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэльхэу цІыху 42-м ВАЗ-2107 автомашинэ зырыз иратащ.

ВЕТЕРАНХЭР яГъэлъэпІэну зэІушІэм кърихьэлащ «Налшык-Автовазым» и генеральнэ директор **Къумыкъу Алий**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей**, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр **Берд Хьэрэталий, Сэхэу Владимир, Жанатаев Сэлихь**, КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщ1 **Къудей Арсен** сымэ, ветеранхэр.

Къыззэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ икІи атомашинэщІэхэр угъурлы яхуэхьуну ехьэхьэщ Къумыкъу Алий.

2008 гъэм и кІуэцІкІэ идкжыри ветеран 147-м автомашинэхэр иратынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Дэтхэнэми автомобиль зырыз

●Гулъытэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІалэгъуалэм ирагъэкІуэкІ хъэрычэт лэжьыгъэр щыдэІыгъыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м ***№76-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІалэгъуалэр хъэрычэт Іуэхум щытегъэгушхуэным икІи бизнес мурад нэхъыфІэр щыпхырыгъэкІыным хуэунэтІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафо ещІ:**

1. ЩІалэгъуалэм я инвестицІэ проектхэр (бизнес мурадхэр) гъэзэщІэным текІуадэр зэрыхуапшныжь субсидиехэр зэрырат щІыкІэм теухуа Положенэу мы унафэм щІыгъур къэщтэн.

2. Субсидиехэр къыхах финанс ильэс екІуэкІым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъщэм.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкІэ и министерствэм (Быщэн А. А.) хуэгъэувын щІалэгъуалэм я инвестицІэ проекту (бизнес мураду) 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 24-мкъыдэкІа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №29-РЗ-мкІэ къащта «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъэрычэт Іуэху мыиныр» хъэрычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэужьыным икІи щыдэІыгъыным» республикэ программэ эхэм хагъэхьауэ гъэзэщІэным текІуадэр зэрыхуапшныжь субсидиехэм япэкІэ ахъщэр гъэ къэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм хуиутІыпщыну.

4. Къару ямыІэжу къэлытэгъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Бизнес мурад нэхъыфІ» щІалэгъуалэ зэпеуэр гъэ къэс етъыкІуэкІыным и Іуэхукіэ» 2006 гъэм мазаем и 26-м къыдэкІа №51-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм мазаем и 26-м кІащта унафэ №51-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2007 гъэм накъыгъэм и 25-м кІащта №128-ПП-м.

5. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдэз ТхьэзэплъыкІ М.ТІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ЯРИН Андрей

(Унафэм щІыгъу Положенэр 2-нэ нап. итщ).

●●●



БгъуэнщІагъым щІэсмэ, нэхъ кІащтэ

Дунейр къыщыкъутэжьнум тэпІльэу, Пензэ областым и щылъагъуэ ящыщ зым, нІэ бгъуэнщІагъыр хэщІапІэ эщщІахэр иджыри абы къыщІэнэну къыщІэкІынущ мэкъуаугъэгъуэ и 14-р къэсхуу.

Нэхъапэм властхэр къагъэгугъат Іутлыж (пасхэ) махуэм и ужькІэ дунейм къытехьэжьну. Арщхьэкіэ иужькІэ зэуэ щІегъуэжьахэщ. Уеблэмэ зыми кьепсэлъэн ядэрхьым, зыгуэр къапщтэхьыну гущІэгъуэ. ЩІы-пІэм щыІэщ милицэм и лэжьакІуэхэр, кьегъэлаКІуэхэр. Ахэр зытегъэзэвыхьыр лъабжьэншэхьым: уэшхэм кьешхын зэрыщІадзэу бгъуэнщІагъым щІэлъадэ псым ар къыззэтригъэщэхэнкІэ хьунущ.

Хуимытми...

УФ-м щызекІуэ хабзэхэм япкъ иткІэ, гъущІ гъэгъу лэжьакІуэхэр хуиткъым зэрымыарэзыр я щхьэусыгъуэу лэжьыгъэ ягъэувыІэну.

Арщхьэкіэ, дыгъуасэ Москва и гъущІ гъэгъуэхэм я Ярославль, Горький унэтІыныгъэхэр пІалъэ кІыукІэ зэхуэщІауэ щытащ. Локомотив бригадэу 25-м Іэнатіэм и унафэщІэхэм хуаГэуВащ я улахуэхэм хуХагъэхьэну.

Вокзалэхэм щІыхуэр куэдыкІ ящІэ щыхьэтрихьат. Іэджэмэ дохутырхэр я дэІепыкъун хуей хъуащ. Нэхъыбэжьыр я лэжьапІэхэм екІуэлэфакъым. Щэджагъуэ нэхужьыщ Іуэхур зэфІэхэ щыхьаР.

МафІэгуэхэр щызэхуэкІуэкІэ...

Къуэкіыпі Китайм насыпышагъэ ин кьыщыхьауащ.

Мыбы зэрымыщІэкІэ зы гъущІ гъэгъум кьытехутауэ зэхуэкІуэ мафІэгуитІ щызэжьэхэщ. ЗэкІэ кьата бжьыгъэхэм ятепщІыхьмэ, щІыху 70-м нэс хэкІуэдащ. Зыкъомыр хьэлъэщ. Власт-хэм къарушхуэ ирахьэлащ къулейсызыгъэ хэхуахэм ядэІепыкъунымь. Дыгъуасэ щІыпІэм щылэжьащ къегъэлакІуэ 1500-рэ.

Хуабэмрэ лыгъэмрэ

США-м и Калифорние штатым щыпсэуэхэр гугъу ирегъэхь жылагъуэхэм я гъунэгъу мэзхэр мафІэм эрикъэ.

Пасаденэ кьалэр ябгынэн хуей хъуащ щІыху мин 11-м. Мы жылагъуэм и унэхэм лыгъэр гъунэгъу дыдэ кьыхуэхьауащ, Іугъуэ фІыщІэхэр Іуву ящІхьэщІыщ. Псори кьызыхэкІуэу кьалыытэр дунейм и щытыкІэрщ - штатым хуабэр градус 40-м щынос.

Зы закъуэ

Тенджвэз ФІыщІэм щыщІыпІэфащ Украинэм и Ми-8 вертолетыр.

Абы тенджвэзым хэт щІыдагъэ кьыщІэщыпІэм ихьат лэжьакІуэхэр, Вертолеттым са щІыху 200-м щыщу кьрагъэлыфар зы закъуэщ.

(ИТАР-ТАСС).



■Химие Іэщэр кьагъэсэбэну ялэжьа зауэ Іуэхуэхэм хэкІуэдахэм я фэеплъ мазхущ. Химие Іэщэр кьагъэсэбэну хуит мыщІыныжьІэ организацэм (ОЗХО) и Х сессием я щІыху 20-м щыщу кьрагъэлыфар зы закъуэщ.

■ Илъэс 85-рэ и пэкІэ (1923) кьызэрагъэпэщащ Армэм и Спорт клуб нэхъыщІэхэр (ЦСКА).

■ Илъэс 50 и пэкІэ (1958) ООН-м Африкэм папщІэ иІэ экономикэ комиссэр кьызэрагъэпэщащ.

■ Мэлыжьыхьым и 29-накъыгъэм и 8-хэм Тамбов щекІуэкІыныщ пианистхэм я ныбжьыщІэ зэпеуэу Рахманинов Сергей и цІэр зезыхьэр.

■ Илъэси 105-рэ и пэкІэ кьалъхуащ совет дзэешэ, авиацием и маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъжь (1945), СССР-м зыхьумэжьныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэу щыта Крылов Николай (1903 - 1972).

■ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 50-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 21-рэ дакьикъи 4-м.**

■ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъи 8-рэ.**

ПлІэнэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

●КъБР-м и Парламентым

110-м и пІэкІэ 72-рэ

КъБР-м и Парламентым щыэзхэтащ депутатхэм я зи чэзу эзІушІэм Парламентархэр хэпльащ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэу 20-м нэблагъэм.

ХАБЗЭ зэрыхъуам тету, эзІушІэм и пэублэм депутатхэм Іэ яІэтащ къэрал къульыкуэр зыхуагъэфащэхэм папщІэ. ЗэзыгъэкІуэк судыяуэ хахащ **Бечелов Радмирр**э (суд Іуэхущ1апІэ №95, Налшык) **Тембот Мухьэмэдрэ** (суд Іуэхущ1апІэ №7, Налшык). НэгъуэщІ Іэнатіэ зэрыратам къыхэкІыу, депутат къалэнхэр щхьэщахащ **Ансыкъуэ Алик** .

Адэкіэ къэпсэльапІэр хуит хуащІащ КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**. Абы депутатхэм я пащхьэ къыриплъхьащ 2007 - 2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуэгъэ егъэфІэкІуэным теухуауэ КъБР-м и Президентым къыхилъхьауэ щытэ республикэпсо программэр. Абы дэщІыгъуэжьпхъэу къаГэлъэгъуэахэр къэлытауэ, етІуанэ ерджгъуэкІэ парламентархэм Іэ яІэтащ икІи хуэдизкІэ унафэрэ унэтІынныгъэрэ игъуэтынымкІэ КъБР-м и Президентым хуагъэхьыну унафэ кІащІащ. Абы щыщІыубыдэ парламент къэхутэныгъэм и къыхэпащІыкІэмрэ къэхутэныгъэ нэхъыщІэхэмрэ, а Іуэхум хэтыну пщэрыпІэ щыщІыубыдэ парламент къэхутэныгъэ хэлъщІалэт, ар зращІэкІ хъуну Іуэхугъуэхэр, абы лъабжьэ хуэхъу щхьэусыгъуэхэр,

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

ТелефонымкIэ гукъеуэ яIэхъым

« **Виноградная поселкэм и телефон линэр зэкIэлъымыкIуэщи, уэзыуейм уепсэльэфыркъым е нэгъуэщIым утохуэ. ТелефонхэмкIэ Iэтащхьэм телефонышIэр мыбдзэ ригъэжьу къыхех, ауэ зэкIэлъымыкIуагъэхэр гъэзэкIуэжьыным и лъэныкъуэкIэ зыри илажьркъым. Фыкъыдэ Iэлыкъуну дыныводлъэIу, районым ноужэгъуащ связым и зэкIэлъымыкIагъэр».**

Терещенко Г. *Виноградная поселкэ.*

Жэуап кърет «ЮТК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Iэхъуцапlэм и унафэщI **Шыхъуэстэн Амдул-Хьэмид**:

- ТЕРЕЩЕНКЭ Г. и тхьэусыхафэр зыхуэфащэ IэщlагъэлIхэм эхъагъэкIащ. Къэпщытэныгъэм къэзыригъэлъэгуакIэ, Терещенко и деж къежIуалIэ телефон линэр зэкIэлъымыкIуэу щыщытар 2007 гъэм и жэпуэгъуэ мазэрщ. Абонентым Прохладнэ районым связымкIэ и IэщlагъэлIхэм захуигъэзэ нэужь, я гъэуба пlалъэм кIуриубыдэу зэкIэлъымыкIуагъэр зрагъэзэкIуэжащ. Къэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIа махуэм абонентыр арэзы зымыщI ныкъуасныгъэ телефоным иIакъым.

Телефон связыр Прохладнэ районым и жылагъуэхэм зэззэмызэ зэкIэлъымыкIуэ зэрыщыхьыр и щхьэусыгъуэр аналогов АТС-хэр жьы зэрыхъуащ.

2010 гъэм нэсыху «ЮТК» ОАО-м связымкIэ и сетхэм зегъэужьыным теухуауэ зэхалъхьа планхэм япкъ иткIэ мы щIыпlэм щыIэ телефон псори бжьыгъэхэм я технологием тетуу зэтрагъэувэну и мурадщ. Абы Iэмал къитынущ связым а и Iэхъутхьэбзэр ди зэманым кьигъэувэм сыт и лъэныкъуэкIи езэгъыу къызэрагъэпэщынымкIэ.

Сабий ныкъуэдыкъуэм ахъшэ хухах

«Илъэс 12 лъандэрэ сэ пlщIэкIэ хъасцтэ унэм сыщопсэу, илъэсиплI зи ныбжь сипхъу ныкъуэдыкъуэр сопI. Сэри ещанэ гупым хиубыдэ ныкъуэдыкъуагъэ сиIэщ. Сабийм церебральнэ паралич узыфэр къызэреуэзым, и шхужь зэрыпlIэм сэкъат зэрIэм къьхэкIыу Iэкlэ зехьэн, зэпымыуэ еIэзэн хуейщ. Сабийм къыщелIпlын хуейщ Санкт-Петербург къалэм и клиникэм. Ауэ абы и уасэмрэ гъуэгупщIэмрэ зэрыслъэгъунэкъабрум къыхэкIыу сэ абы сыкIуэу зыхуэфащэ Iэщlагъэлlэр хъыджэбз цIыкIым къезгъэпlыфакъым. Ахъшэ ззгъэпэщын хуэдизу сэ хъхуапlэ сиIэкъым, сымылажьэу сыщысщ».

Хъурэн З. *Дзэпкъуэгъуажэ поселкэ.*

Жэуап кърет КъБР-м уэзышlагъэр хъумэнымкIэ и министр **Бицу Вадим**:

- И ПХЪУР игъэхъужьын папщIэ дзэпсыхьэгъу щlалъэуу Хъурэн З. къэтхьэжьа тхыгъэм тетуауэ хьыбар фыригъаIащ.

2003 гъэм щlкIуэгъэзэм и 8-м кIалъхуа Хъурэн Иринэ сабий ныкъуэдыкъуэщ, диспансерым щатхаэ, абы невропатологыр зэпымыууэ кIэлъоплъ. Сабийм амбулаторэм, сымаджэщым къыщIохэзэ, пlалъэкIэрэ санаторэм игъакIуэ.

Сабийр нэгъуэщI щlыпlэ къыщигъэлIэжьэн зэрыхуейм теухуауэ абы и анэм Узышlагъэр хъумэнымкIэ министерствэм ипэкIэ зыкъыхуигъэзакъым. Мы зэманым игъэхъэзыр хъыджэбз цIыкIуи и узыфэр зэхэзыхьэн, игъэхъужьын папщIэ республикэм и щIыбкIэ щlыпlэ Iэхъуцапlэм гъэкIуэн зэрыхуейм и Iэхъужьыным теухуауэ абы и анэм Узышlагъэр хъумэнымкIэ министерствэм ипэкIэ зыкъыхуигъэзакъым. Мы зэманым игъэхъэзыр хъыджэбз цIыкIуи и узыфэр зэхэзыхьэн, игъэхъужьын папщIэ республикэм и щIыбкIэ щlыпlэ Iэхъуцапlэм гъэкIуэн зэрыхуейм и Iэхъужьыным теухуауэ сэ хъхуапlэ сиIэкъым, сымылажьэу сыщысщ».

Хъурэн З. *Дзэпкъуэгъуажэ поселкэ.*

Жэуап кърет КъБР-м уэзышlагъэр хъумэнымкIэ и министр **Бицу Вадим**:

- И ПХЪУР игъэхъужьын папщIэ дзэпсыхьэгъу щlалъэуу Хъурэн З. къэтхьэжьа тхыгъэм тетуауэ хьыбар фыригъаIащ.

2003 гъэм щlкIуэгъэзэм и 8-м кIалъхуа Хъурэн Иринэ сабий ныкъуэдыкъуэщ, диспансерым щатхаэ, абы невропатологыр зэпымыууэ кIэлъоплъ. Сабийм амбулаторэм, сымаджэщым къыщIохэзэ, пlалъэкIэрэ санаторэм игъакIуэ.

Сабийр нэгъуэщI щlыпlэ къыщигъэлIэжьэн зэрыхуейм теухуауэ абы и анэм Узышlагъэр хъумэнымкIэ министерствэм ипэкIэ зыкъыхуигъэзакъым. Мы зэманым игъэхъэзыр хъыджэбз цIыкIуи и узыфэр зэхэзыхьэн, игъэхъужьын папщIэ республикэм и щIыбкIэ щlыпlэ Iэхъуцапlэм гъэкIуэн зэрыхуейм и Iэхъужьыным теухуауэ сэ хъхуапlэ сиIэкъым. Сымылажьэу сыщысщ».

Хъурэн З. *Дзэпкъуэгъуажэ поселкэ.*

Жэуап кърет КъБР-м уэзышlагъэр хъумэнымкIэ и министр **Бицу Вадим**:

- И ПХЪУР игъэхъужьын папщIэ дзэпсыхьэгъу щlалъэуу Хъурэн З. къэтхьэжьа тхыгъэм тетуауэ хьыбар фыригъаIащ.

2003 гъэм щlкIуэгъэзэм и 8-м кIалъхуа Хъурэн Иринэ сабий ныкъуэдыкъуэщ, диспансерым щатхаэ, абы невропатологыр зэпымыууэ кIэлъоплъ. Сабийм амбулаторэм, сымаджэщым къыщIохэзэ, пlалъэкIэрэ санаторэм игъакIуэ.

Сабийр нэгъуэщI щlыпlэ къыщигъэлIэжьэн зэрыхуейм теухуауэ абы и анэм Узышlагъэр хъумэнымкIэ министерствэм ипэкIэ зыкъыхуигъэзакъым. Мы зэманым игъэхъэзыр хъыджэбз цIыкIуи и узыфэр зэхэзыхьэн, игъэхъужьын папщIэ республикэм и щIыбкIэ щlыпlэ Iэхъуцапlэм гъэкIуэн зэрыхуейм и Iэхъужьыным теухуауэ сэ хъхуапlэ сиIэкъым,

«Исламым и нур»

Щэуейм и мурадхэр къохъулІэ

● Журмартыгъэ



Хьэрычэтыщ Іэ Щэуей Арсен

ХЫХЬЭХЭКІ зиІэ щІалэ фызкъэмышэ Щэуей Арсен Щэджэм кьалэм къэрал Іуэхущ Іапіэу щыта, нужькІэ хьІфІадзэжа псэуалъэжь гуэр хэр зэрыт щІапІэ кьаІ щыщищэхури, щэкІ щызэІуащэ, щыгъын щад лэжьапІэ (иджыблагъэ «Зазэ» зыцІи щар) кьыщцызэІуихауэ цІыху гуп щегъэлажьэ.

Щалэр и ныбжь емылытауэ Іущщ, гуапэщ, псэ хьэлэл зиІэщ, псапащІэщ, хуэныкъуэм зыщІигъэкъуэн зыщІыкъуКІэ, а Іуэхугъэр елэжь щыгуфІыкІыу, и мыпкъур имыкъуэу.

Куэдым сом кьыщалэжьын ямыгъуэтыжу, я щхьэ зэрахъэу кьыщызэхэна мы зэман ГуГуъсыгъум щІыху 26-м лэжьигъэ еттыным, мазэ кьэс абыхэм языкъэкІ сом миниХбы кьебгъэлэжьыным, щэч хэмылъу, псапэ мащІэ пылъу кьыщІэкІынукъым. Гу зыльытапхъэщ а псом Арсен хуэмыарэзыуэ зы щІыхуи зэрахэмытыр. Дауи хуэмыарэзынрэ - я лэжьапІэр тыншу, нэхуу, хуабэу кьыІэзригъэпэщащ, кьалэжьыр зы махуэкІэ имытыгъэуэ яІэрегъэхьэ. Абы и закъуэкъым - кьыщІагъэкІа хьэпшыпІэ зыщэхун ямыгъуэту цехым и лэжьыгъэр пІалъэкІэ кьыщагъэувыІэ кьыщыхуэкІэ, Щэуейм зы щІыхуи лэжьапІэм ІуигъэкІыркъым, Іуэ хур зэрІэувэжьыу ахэр мылэжьа пэтми, я улахэр ярет.

- Сыдэрысабий лъандэрэ, - жеІэ Арсен, - си ахърэтыр нэху Т хьэм ищІын, нобэ мыпсэуж си анэшхуэ Зазэ мыгъуэм и гъащІэ нэхур си щапхъэу сыкъоГъуэгурыкІуэ. Ар мустІыкъым щыпкъэт: Зы нэмэз ахъхьты, зы нэщІ мазэ Алыхьым кьалэн кьыщищІа псори имыгъэзащІэу кьиГъанэрэгъкъым, зэрет пщыхьащхьэ кьэс гъэшІагъэ абгъуэм кьрихха джэдыкІэмрэ и гъунэгъуэм яритырт. Нанэ и бынэр дыщІигъэдэІу зэпытт псапэмрэ гуапэмрэ зэи щІэнэщэу зэрымыкІуэдым, а псор берычэту зыІэжьам зэригъуэтыжым пыщІа хьэбархэм. ИкІи абы и мылъкуКІэ хьэжьщ зэрігъакІуэм, нэгъуэщІхэмэ) теуэха хъыбар. Сэкрэкьым и хьэгъалэрым егупсысу здэщысым, бжэр кьызэІуехри, накІуэпакІэуэ къыщІохьэ Щэджэм кьалэм фІыуэ кьыщадыхьэщ щыхьэщ Кіарэ Мурадин.

- Кхъэщэ кьызэІутхащ, - жеІэ абы, фІэхъус зэраха, зэщІэупщІа нэужь, - унэ цІыкІу итщІыхьынути, мылъкур тхуриКъуркъым. ПхузэфІэкІынумэ, сом мин зыпІытху кьытхэтхьэ.

Арсен и сейфым хьэзыру сом мининщ дэтэти, духьэшым иритри, ину итьэгуфІащ. Ауэ абыи кьыщызэтеувыІакъым. Абы и автомашинэм КІарэр иригъэтІысхьэщ, сберБанкым ишэри, аргуэру сом мин пІІыщІ кьыщриташ.

Арсен зэрыжумарэтыр щІэхэм ящыщ куэд кьыбгъэдыхьэурэ, я гукъеуэжэр кьыхуаІуэтэ, мылъкуКІэ кьоІэлъэУ. ИкІи абы, зэрихабзэу, зыри хуэгъэщІэхъуркъым.

Дызэпсалъэу Щэуейм и лэжьапІэ пэшым дызыщІэсым, зы щІалэ ныщІыхьащ Къэрэгъэщ кьуажэм кьиКІаУэ. ЛІыгуащІэ Юрэт ар. Жьытапэурэ кьиІуэтащ зэрысымыджэр, хущхъуэ уасэ кьызэремэщІэкІыр. АфІэкІа хэмылъу, Арсен и жьыпм кьрихри, сом мин зырызу тхыІтымпІэ зыбжанэ смаджэм хуишяжу, гуфІэуи щІигъэкІыжащ.

Щэджэм кьалэм дэт спорт комплексышхуэм республикэ зэхьэзэхуэхэр щІэх-щІэхьурэ щокІуэкІ. Спортым зеГъуэжьымыпІ Щэуейми хэльхьэнигъэфІ хуещІ, сом мин пщІы бжыгГъэхэр трегъэкІуадэ. Мы щапхъэ «цыкІури» си тхыгъэм кьыхэзгъэщІыпхъэу собж. Ди районым и бэнакІуэ ныбжьыщІэхэр Арсен зэщІхъуэпыкІащ спорт фащэ екІуКІэ.

Щэуей Арсен и цыкІуфІагъыр пхуэмыІуэтэщІыныж хуэдизщ. Ахуэдзэкъм я мурадхэр кьоХъулІэ.

МЭРЕМ Задин.

● Дэ къытхуатх

Псапэ хьэмэрэ гуэныхь?

СЭ КУЭД щІауэ диным сыпщІащ. Си гуапэщ зыкъомым псапащІэ Іуэхуэхэр зэралажьфыр, щІыпІэ-щІыпІэкІэ Іимам хъарзынэхэр зэрыщыдІэр. Ауэ гущІыхьэ сщохъу Іимам языныкъуэхэм я кьалэнхэр дахэ-дахэу зэрамыгъэзащІэр, диным и хабзэхэр жыларегъэуэ щыщыуэтемыхуэр, мылъкур и кхэтхэм, «псапэ дощІэ» жаІэурэ, гуауэ даУдапщэхэр Іэтауэ, хьэрэуэлІыгъуэм хуэдизу, зэрыдахыр, мылъку зыбгъэдэсымлъхэм я щхьэ мыгъуагъэ хурагъэхьыжу.

Зи ныбжь хэкІуэта, Тхьэм фІэлІыкІ дэтхэнэми хуэдизу, гуауэ зиІэхэм зэман-зэманкІэ сахуэкІэн хуэй мэхьу. Сыт абыхэм щыслъагъур?

Мы гуэрым, «спискэм сифтхэ» - жиІэри, ахъшэ тІэкІу кьызыкъуихат. Списк зэрыщыкІэр, ахъшэ зэрызэхуамыхьэсыр кьышІрагъашІэм, лЫр гуфІэжат. «Мы ахъшэр ИлЫхуэу кьызэІихсам естыжынщ», - жиІэри.

Си Іыхьлы гуэрым сэдэкъэхуащІырти, Іыхьэу щитхум нэблагъэ хуагъэщащ. АвтомашинэкІэ а Іыхьэхэр ахъшэ кьэзыгъэтІылъахэм лъагъэЗэсащ, кьуажэ жыжьэхэри зэпІагъэхьэс. ГугъэущІу жьыпІэм, ящащ сэдэкъэр. Ауэ ар зылъагъэсын хуеяр кьулейсызхэрт, мылъкуншхэрт - ахэращ зыдэІэпыкъупхэр.

СогъэщІагъэз: цІыхур щысымаджэм дех абы куэдыр щІэупщІэркъым. Дунейм ехьжмэ, ахъшэр «трак Іугъ». Куэдыр зэгупсысыр псапэ зэралажьнракъым, я фІыщІэр зэрагъэпІнищыр. Ар емыкІуКъэ икІи гуныхьКъэ?

АМЩОКЪУЭ ЩЫбт.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

«ИСЛЪАМЫМ и нурым» мы зэ-мыТІэу кьытехуащ КъурІэн Іьапіэр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІыу, тхыльщхьэхуэу кьыдэзыгъэкІыу, пщІэнщэу мусдыымэнхэм яхуэзыгуэша Елгъэр Кашиф хуэгъэза тхыгъэ, хьуэхьу гуапэхэр. Апхуэдэ тхыгъэхэр редакцэм, нэхьапэхэмэ ху зэдэу, щІэ-щІэхьурэ кьыІэрохэ.

Гу зылытапхъэщ, кьэбгъэльагъуэмэ, Бахьсэн районым фІыуэ кьыщацІых у, ди республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ Берд Цацэ кьытхуэмыдэ тхыгъэ пІащІэр. Абы егъэджакІуэ Іэзэр зыубгъуауэ щытопсэльныхь ФІыщІагъэ лъапІэм дызыхуриджэ ІуэхуфІхэмрэ дызыщигъащтэ мыхьэмышІагъэхэмрэ, КъурІэн Іущыр адыгэбзэкІэ диІэ зэрэхьуам и мыхьэнэр зэрэиныж топсэльныхь, фІыщІэ яхуеуІ мы Іуэху щхьэпэм хэльыфІыкІыр. Ар щІэупщІэ Елгъэр Кашиф и Іэкіэ кьыІэзэрыитам, тхакІуэр, усакІуэр, зэдэзэкІакІуэ хьэлэмэтыр бэз Іэфіу, нэмысыфІэу кьыІэзэрыІуЩ.

ПщІэнэзу ягуэша ФІыщІагъэ лъапІэр зыльымысахэри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мащІэкъым. Псапэ зылэжьыну хуей хъэрычэтыщІэхэм, мылъку зыбгъэдэльхэм Іэмал яІэщ КъурІэныр зытратха дискыр ЕлгъэР Кашиф и кьыдэхьу. (и телефонхэр: 47-35-32, 77- 27-51), типографием гурыІуэу, езыхэр зыхуеинум хуэдиз щІэрыщІэу кьыдагъэкІыну, яІу эшыну.

Щапхъэ Іупщ Іхэр

ФІыщІэ жыг яхуэфащэщ

Фіыщ лІыгъэ пхэльныир. ЛІыгъэм щІыхур сыт и лъэныкъуэкІи егъэдахэ, егъэльапІэ. ЛІыгъэр - ар хахуэгъэщ, бэщэчагъырщ, хьэл-щэныфІ уиІэныщ.

ЛІыгъэр нэхьыбэу щагъэлъагъуэр зэуапІэ ІэнатІэрщ. ЛІыгъэ зыхэлъыр бийми ажалми щышынэркъым, зыхущІэкъур, зыщІэхъуэпсыр, гурэ псэкІэ зыхуэлажьэр текІуэныгъэрщ. ЛІыхъужьыгъэщ бий бзаджэм упэувыныр, и ПІасхьапІэр кьэпхутэныр, сыт и лъэныкъуэкІи зэран ухуэхъуныр..

Псэмыбдэжщ мафІэсгъэунІфІыр, шынагъуэм пимыкІуэту, цІыхуэр, абыхэм я псэупІкІэр, я мылъкур мафІэм щызыхъумэр.

ЛІыгъэ иІэу кьэпльытэ хьунщ зи щыуагъэхэмкІэ зызыІумысыжьы, адэ-анэм, Іыхьлыхэм фІыуэ яхуущыпхьэм, ещІэну, лэжьэну, нэхьыфІ хьуну хущІэкъум. ЛІыгъэншэкъым зыми фІэмылІыкІыу пэжыр жызыІэфІыр. Апхуэдэщ, псальэм папщІэ, зи бзэр Іэфіыр, тэмакъыбхьыр, псапэ зылэжьыфІыр, жэуапІныгъэ зыпыльІуэхур, нэгъуэщІым хуимыгъэкІуатэу, зи пщэм дэзыдъхьэфІыр.

ЛІыгъэ яІэльщ цІыху хьэлэлэхэм, гуащІафІэхэм, зи псальэм папщэщи тральэгъуэжхэм.

Хэти ирелІыхьужь

Мыпхуэдэу ущІэупщІэнкІи хьунущ: «Сыт фейдэуэ сэри, ди жылагъуэми, ди Хэжмии диІэнур, сэлэт гуэрыр лІыхьужьу, и гъащІэм щымыІэ хьэжьу бийм езаужкІэ?»

КьызыфІэгъэщІыт уи Хэкъм бийхэр кьытеуаэу, а ауэ абыхэм псорИ ящышынэу, ещэуэну хуэмейуэ. Сытыт итІанэ кьэхъунур? Уэри, уи адэ-анэри, уи ныбжьэгъэщхьэри, уи Іыхьлыхэри гъэр фыхьунут, бийжьэм фагъэпщылІынут, фагъэикІынут.

КьызыфІэгъэщІыт фи унагъуэм хьунщІкІуэр кьыхьауэ зыхуеИ хьэпщІыпІэр зэхуихьэсу, ауэ абы зыри зэран хуэмыхьуу. Е фи гъунэгъуэм и унэм мафІэр кьыщІэнауэ, «фыкьызэдэІэпыкьу!» - жиІэу кІий пэтми, зыми зимыгъэхьейуэ. Ар хьэдэгъуэдахэжьэ?

Хэлифымрэ щІалэ цІыкІымрэ

Хьалифу (мусльымэнхэм я унафэщІу) щыта Умар цІыху Іущ; захуагъэ зыхэлъ, хахуэт, и тепльэжи бжьыфІэт. Абы игу теХуэрэтэжьым эрыхьэзэрийхэр, мыхъумыщІагъэжэр. Умар и тетыгъуэу щыщыта зэманым щІыхуэр мамыру, зэгурыІуэу, нэхъ зыхуей ягъ уэту псэ у хьуат.

ЦІыхушхуэт хьалифыр. Абы куэдым пщІэ кьыхуащІырт, Іэдж эр кьыфІэлІыкІырт, кьыщІышынэрт, кьыщІыуІэрт. ЦІыхухэм ятеть гугъуехьхэр нэхьыфІу зригъэщІэн, яДэпэпкъуэн папщІэ, Умар лъэсу щызекІуэрт уэрамхэм.

Зэгуэрым, Маминэ кьалэр кьызэхикІыхьу, кьелъагъу щІалэ цІыкІу гупышхуэ. Ахэр зэдэджэгурт, зэрызэ хьэрт, зэрыгъэкІийрт. Хьалифыр кьахуэкІуэу щалъагъум, цІыкІуХэр, щтэри, зэбгрыжьажащ, зы закъуэ фІэкІа кьэмынэу. Хьалифыр абы кьыбгъэдыхьэри, кьеуущІащ: «Сыт уэ, уи ныбжьэгъухэм уаригъэсу, ущІэмыбэхыжар?»

ЩІалэ цІыкІум щэнфІэу жэуап кьиратащ: «Сыт сыщІэбзэжьыжынур? Сэ мыхьумыщІагъэ, сэщІэзыщнэр гуэрэ сщІакъым. Уэрамри, уэрэ сэрэ дыдэ зэблэмыкІыфын зуэдэу, Іуэ дыдэкъым».

Апхуэдэ псалъэ Іущхэр зэрыхьэхиху, хьалифыр гуапэу кьыпІугуфыкІащ. ЩІалэ цІыкІум и цІэр зригъаІщ, щытхъущ, едэхащІэри, и гуэгум текъэжащ.

«Муслымэн ныбжьыщІэм тхылым кьитхыжащ.

Дели (Индием) щыІэ, XVI лЭщІыгъуэм яухуа мавзолейрщ, Акбар пщышхуэм и адэ Хумаюн хуригъэщІарщ.

Самаркандкьалэм дэт Шах-и-Зиндэ мавзолей щІэрыІуэрщ. XV лЭщІыгъуэм яухуащ.

● Къуэкіыпіэ хъыбар

Гуэныхьыр гуэныхьКІэ зыпшыныжа

БЭАДЖАЩІЭ щІэрыІуэр, бегъымбарым и деж кІуэри, и щхьэр зыфІиудыжу, хуэтхьэусыхэу щІидзащ:

- СыщІалэт, сыцелэт, сыунэхьуну Тхьэм ихуаУэ кьыщІэкІынт, щыху 99-рэ кьыІсІэщІэукІащ. Апхуэдизу гуэныхьыр сыт хуэдэ щІыкІэкІэ кьэхсхуэгъуну?

- Дауи, гуныхьышхуэщ цІыхум и псэр бгъэнынырт, - жиІащ бегъымбарым, - гупсысыхьри, - чанджэщу уэстыфІыныр мыРащ. Уи инэльапсэр щэж, мо-одэ гъуэгущхьІблыр щызэхэкІым деж уи щІыкІу щІыхуэр, уи мылъку псорИ кьыпІэщІэуІэхэхуэнкІэ гъуэгурыкІуэхэм сэбэп яхуэхьу, ГъашІэ, зегъэгъапсэху.

БзаджащІэм апхуэдэу ищІащ. Гъуэгущхьиблыр щызэхэкІым деж и хэщІапІэр игъэпэхуэри, блэкІкъыбгъэкІыжхэр игъашхэу, игъафІэу щІидзащ. ЕшаелІахэр щышхэкІэ, зыщагъэпсэхукІэ Тхьэм елъэІурт бысымым и псапэхэр хуигъэбгъэгъуэну. БзаджащІэми, и гуэныхьхэр кьыхуэгъункІэ гугъуапІэ гуэрхэр игъуэтыжауэ, хуэдэ

● Футбол

КъыттрагъэкIуэфакъым!

«Локомотив» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) – 0:0. Мэзкуу. «Черкизово» стадион. Мэлыжьыхьым и 27-м. Щыхъ 13550-рэ еплъащ.

Судьяхр: Иванов Н., Голубев, Лагун (псори Санкт-Петербург щыщщ).

«Локомотив»: Левенец, Янбаев, Родолфу, Сенников, Спахич (Траоре, 86), Кочиш, Гуренэ (Маминов, 57), Торбинский, Билялетдинов (Глушаков, 69), Сычёв, Одемвингие.

«Спартак-Налшык»: Хомич, Джудович, Кисенков, Ятченкэ, Амисулашвили, Мэшыкъуэ, Джатэрыв (Кочубей, 86), Рикарду (Калимуллин, 69), Дзыхьмыщ, Гогуа, Къэжэр (Сиradзе, 60).

Дагъуэ хахуащ Къэжэрым, Гогуа, Родолфу, Ятченкэ).

Джэгум хахуащ Гогуа.

90+1 дакъикъэм Одемвингие пенальти худэгъэкIакъым.

МЫ ЗЭУЩIЭМи пэ кьихуэру псалъэмакъ мыщхьэпэ куэд екIуэкIащ. Дауи, ар къызыхэкIар Мэзкуу и «Спартакым» дэщIхэм абы зыкърагъэхьэлIэу, тхьэмахуэ кIуам Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщыхуахэм папщIэ хьэлэмэтыкъыкъэ Мэшыкъуэмрэ Джатэрывэмрэ. А щIалитIыр щыуагъэнщIэу дэжгу къудейтэкIым, атIэ хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр къызэпаудырэ я ныбжьыгъуэхэрипэкIэ ягъэкIуатэрт. Уеблэмэ езыхэми хэгъэрейхэм я гъащIэхьэтеныгъэ хуабжьу щагъэгъазэ къэхъурт.



Джэгугъуэм хухаха зэманым щыщу нэхъ мащIэ къэнэжьыкIэ гурыIуэгъуэ хьурт «Локомотивыр» щIэужьыхьэрэ «Спартак-Налшыкым» бжьыпэр эрирубыдыр. Ди щIалэхэр щIэх-щIэхьыурэ гъуэм ебгъэрыкIуэрт, гъуащхьэхьумэр ягъэгъулэзу.

Хэгъэрейхэм абы пэщIадзэ ныбжьыкIэ яIэтэжьым. Ар зыльэтъуэ судьям абыхэм защIигъэкъуэну мурад ящIащ. ЯпэщIыкIэ «Локомотивым» и штрафнойм щрагъэ Гогуа, фэ зытригъэзуауэ кьилытэгри, джэгум кьыхьухащ. Ари хэгъэрейхэм кьащIдэмыIэпыкъум, ди гъуэм пенальти кьригъэуащ. Джэгур иуха и ужькIэ зэIущIэр зэIкъэрыIуха тренер щIэрыIуэ Непомнящий Валерий кьыхигъэщащ судьям щыыгъэ зэрыIэщIэкIар, топыр зэрымышIэкIэ Джудович и Iэм техуауэ зэрыарар.

Дауэ щытми, зэрыжаIэщи, судьяр сыт щыгъуи захуэщ. «Локомотивым» и гъащхьауэ нэхъ Iззэхэм ящыщ зы Одемвингие пенальтир ильэщIэу и къару кьыхэзрыкIэ топым еуащ икIи и щхьэм епхъуэжащ - ди гъащхьэтет Хомич абы кьригъэзэат!

Зэрыдджэгун хуэм зэманыр иухат, арщIхьэкIэ идкыжри дакъикъэ зыщыплIкIэ судьям командэхэр зэригъэныкъуэкъуащ. Абыи хэгъэрейхэр кьыттригъэкIуэфакъым - 0:0. А зы очкор яныкъуэ текIуэныгъэхэм я уасэщ!

Кьызэрыхэдгъэщащи, премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и ебланэ зэIущIэми Къэзан и **«Рубиныр»** щытекIуащ, иджы Мэзкуу и **«Динамо»-м 2:0-у** ефIэкIащ. Апхуэдэ екъулIэныгъэ зиIэ гуп премьер-лигэм идкыри къэс хэтакъым.

Премьер-лигэм хэт адрей командэхэри зэдэджэгуащ. Щыгъуазэ фыхуэутщIынщ эбыхэм къарикIуахэм: **«Луч-Энергия»** (Владивосток) – **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:3, «Амкар»** (Пермь) - **«Шинник»** (Ярославль) - **2:0; «Томь»** (Томск) - **«Сатурн»** (Мэзкуу область) **-0:1, «Химки»** (Химки) **-«Крылья Советов»** (Самарэ) - **1:0, «Спартак»** (Мэзкуу) - **«Москва»** (Мэзкуу) - **1:1**.

УЕФА-м и кубокым и финал ныкъуэм зэрыщыдджэгум къыхэкIыу, Санкт-Петербург и **«Зенитым»** Гроэнэм и **«Тэрчым»** дригъэкIуэкIын хуэсщ зэIущIэр гъэмахуэм ягъэIэпхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» накъыгъэм и 2-м ирегъэкIуэкIынущ. А махуэм ди гъэзетым «Москвар» къраГъэблэгъэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Рубин»	**7**	**7**	**0**	**0**	**14-2**	**21**
2. «Локомотив»	**7**	**4**	**2**	**1**	**8-3**	**14**
3. «Динамо»	**7**	**4**	**2**	**1**	**11-7**	**14**
4. «Амкар»	7	4	1	2	10-4	13
5. ЦСКА	7	3	2	2	7-4	11
6. «Крылья Советов»	7	3	0	4	9-7	10
7. «Спартак»	7	2	4	1	11-10	10
8. «Тэрч»	6	3	0	3	6-10	9
9. «Сатурн»	7	2	2	3	7-7	8
10. «Спартак-Налшык»	**7**	**2**	**1**	**4**	**5-8**	**7**
11. «Томь»	7	2	1	4	5-9	7
12. «Зенит»	6	1	4	1	7-7	7
13. «Шинник»	7	1	2	4	8-12	5
14. «Луч-Энергия»	7	1	2	4	5-9	5
15. «Химки»	**7**	**1**	**2**	**4**	**8-17**	**5**
16. «Москва»	**7**	**0**	**4**	**3**	**6-11**	**4**

ЗэIущIэ нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Мэзкуу очко къитшыну дыкъэкIуат

Мэзкуу щриГъэкIуэкIа иужьрей зэIущIитIым и командэр кьызэрыщыхамыгъэщIэфам тренерыр иригушхуэрт.

- «Локомотивым» топыр нэхъыбэрэ иIыгъащ, ауэ топ кьытхудагъэкIыну Iэмал куэд еттакъым абы. Ди гъащIэхьэшумэхэр хьарзынэу джэгуагъэ кьызолъытэ, ауэ ебгъэрыкIуэныгъэр нэхъыбIыну сыщыгугъащ. Ар кьыдэхьулIатэмэ, бжьыгъэр нэгъуэщIу щытыну кьащIэкIынт. Тегушхуэныгъэ тхуримыкъуагъэ кьысщохъу.

- Сыт хуэдэ мурадхэр щыIэу Мэзкуу фыкъэкIуат?

- Мэзкуу очко щхьэкIэ дыкъэкIуати, ар къэтхьащ.

РАХИМОВ Рашид, *«Локомотивым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Ди гугъуехьхэр псыхэкIуадэ мэхъу

И щIалэхэм кьагъэлъэгъуа джэгуКIэмкIэ мыарэзы тренерыр гукъыдэжьыщIт.

- Нобэрей зэIущIэр сигу ирихьакъым. Араш зэIущIэм техуауэ сухъыIэнур.

- Нэхъ зэпкьрыхауэ утепсэлъыхьмэ-що?

- Сигу ирихьыхакъым. Апхуэдэу удджэгуну джэгупIэ губгъуэм укъыхьэ хъунущ. Тхьамахуэ псоIэ зыдгъэхьэзырауэ губгъуэм дыкьихьа нэужь, ди щхьэр лажьэркъым.

- Гуренкэ щIэпхъуэжар джэгуКIэ тэмэм кьызэримыгъэлъагъуэр ара?

- ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм дэ къыщыдгъэлъэгъуа джэгуКIэмкIэ командэм и ныкъуэр пхъуэжыну кьалэжьт. Гуренкэ топэр нобэ тэмэму хуэтэжьым.

- ЗэIущIэ еГIуанэ хьауэ? топ дэвгъэкIыфкъым. Фи гъащIхьауэхэр тэмэму мылажьэу ара?

- Командэ псор тэмэму мылажьэу арагъ.

- Сыт хуэдэ Iэмал иIэ ар бгъэзэкIуэжыну?

- Зыдгъэсэнщ.

- Пенальти фыщеуэм щыгъуэ топдзэгуэхэм зыгуэр яже-пIат. Одемвингие топым ебгъэуэну ара?

- Нэхъ кьыхьагъащIэ Маминовыр езгъэуэну арат. Одемвингие тегушхуэри, топыр кьищтащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дигъэкIыфакъым. Иджы сыт псом нэхъри нэхьыбэу мэгузавэ.

- «Рубиныр» куэдкIэ фи япэ зэрищам чигъэIейтенркъэ?

- Сыт сэ абы сыщIигъэIейтеин хуейр?

- Чемпион фыхьыну кьалэн зыхуэвгъэувыжакъэ?

-Фэрэщ апхуэдэ кьалэн кьыхъуэныгъуэвар. Псом япэрэущ, джэгуКIэ тэмэм зэттехуэхэм. ЗэкIэ ар кьыдэхьулIэркъым.

Зытхыжар **МЭЗКУУ КъащIобийщ.**

ДифI догъэлъапIэ

Нало Леонид куэд хузэфIокI

Щытхъу ин къалэжь щIэблэр гъэсэным, егъэджэным, узыщIэну къэгъэтэджыным, гъэзгу тэмэм тегъэувэным зи гъащIэр щхьэзыхь хуэзыщI. Абыхэм ящыщщ ильэс 50-м ныкъорыхьосауэ Хьэтуэн къуажэ школым щылажьэ Нало Леонид. И Iуэхущафэ дахэхэм папщIэ кърата саугъэт, дамыгъэ кьомым иджыблагъэ кьахэхьуащ нэгъуэщI зым - «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ» щIэ гъапIэр кьыхуагъэфэщащ.

ЛЕОНИД спортым и мастерщ, ныбжьыщIэхэри абы дрегъэхьэх, егъасэ. Езым лъэпкъ бэнэкIэмкIэ мызэ-мытIэу бжьыпэр кьыщихьащ Кьэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Iшхьэрэми щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм. Налом и гъэсэн бэнакIуэ щIалэхэр куэдрэ хэтащ районым, республикэм щекIуэкI спорт зэпеуэхэм икIи апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу япэ увыпIэкIэ кьыщихьащ.

Зыхэт егъэджакIуэ гупми пщIэшхуэ кьыщыхуащI Нало Леонид. Абы игури и псэри зэтар, и гъащIэр зытригухуар я жьыпэм, лъэпкъым и пщIэр зыIэтын ныбжьыщIэхэр гъэсэныраци, а Iэнатlэм екIуэрэ ешхыу бгъэдэтщ.

Унагъуэ хъарзыни иIэщ Леонид. Быныфl иплащ: и пхъуитхури унагъуэ щхьэхуэу мэпсэу. Ди гуапэщ ноб зыпэрыт лэжьыигъэр а лIы емыээщыжым иджыри ильэс Iэджэкъэ ирихьэкIыну, и гъэсэн ныбжьыщIэ хэр езыр зыхьуейм хуэдэ щыIуэ хъуну, абыхэм я ехъулIэныгъэхэм дэрэжэгъуэ кьрату кьуэдрэ псэуну.

МЫЗ Ахьмэд.

Мэлыжьыхьым и 23-м «Шыхулъагъуэм", тхэн щIэзыдзахэм я литературэ хасэм, кьыхуеблагъат адыгэ гъащIэмрэ щэнхабзэмрэ хуэгъэпса журнал "Псынэм" и редактор нэхъыщхьэ Мэремкьул Ларисэ.

ЗЭУЩIЭМ и гупсысэ нэхъыщхьэу щытар иджыблагъэ кьыдэкIа журналыщIэм и теплъэм, абы итхыгъэхэм ятеуауэу тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм гу зылъатэм тегъэпсэльыхьныырт.

Абыхэм зэдзэрэзыуэ кьыхагъэщащ журналыр кьыщIэдгъэкIа кьудейри ехьулIэныгъэщхьэу зэрыщытыр. Дауи, сыт хуэдэ Iуэхум фIыи ныкъусаныгъэ зэрыхэлъым хуэдэу, журналым дагъуэ гъуэри иIэну кьахутащ "Шыхулъагъуэм" кьекIуалIэхэм. Псалъэм папщIэ, абыхэм кьыхагъэщхьэхукIащ "Псынэм" и тхыгъэхэм щыуагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыкIуар.

- Пэжщ, ди жагъуэ зэрыгъэхьунщи, язынныкъуэ тхыгъэхэм щыуагъэ кьыхэкIащ, ауэ абы кьикIыркъым тхыгъэхэм дакIэльымыплIыжу, зэрыщытым хуэдэу кьытеддзауэ. Ар зэрымыщIэкIэ кьэхъуауэ аращ. Япэ кьыдэкIыгъэр щIыу зыбжанэм я кьару закъуэкIэ зэпэщ хъуэу я жыпIэ хъу-щIу, гугъу дехьащ, дызыхунэмысца, тIэщIэхуа гуэри кьыхэкIащ. Идыкпсту корректор зыбжанэ диIэщ, корреспондент нэхъыбэм дадолажьэ икIи дяпэкIэ апхуэдэ щыуагъэ кьытIэщIэмыщIыхьыну дыщогугъ,- жиIащ Ларисэ.

Адэкlэ щIалэгъуэлэм кьалIуэтащ "Псынэ" журналым итамэ, щхьэпэ хьунут" жыхуаIэ Iуэхугъуэхэр. Абыхэм ящыщщ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ нэмыбзу тетхьхьыни, щIэблэм ахэр IэщIэмыхуэным кьарур хуэунэтIын зэрыхуейр. Мэремкьулым и гуапэ хьуащ "Шыхулъагъуэм" кьекIуалIэхэм апхуэдэ гупсысэ зэраIэр, литературэ хасэм и тхьэмахуэ Хьэх Сэфарбий фIыщIэ ин хуищIащ гукъыдэжьыщхэр иIэу щIалэгъуэлэм зэрадзэлажьэм папщIэ.

КьызэрыщIэкIымкIэ, "кьыщIэхъуэ щIэблэр зэкIуэкIащ, хабзи щIэныгъи кьафIэIуэхужьыкъым" жызыIэхэр уэрабжьу щоуэ. Ар кьыгъэлъагъуэнущ "Псынэмрэ" "Шыхулъагъуэм" кьекIуалIэхэмрэ зэдэлажьэну зэрыцэгурыIуэм. Кьапщтэмэ, щIалэгъуэлэм я гупсысэхэр кьыхэхэщ тхыгъэ дяпэкIэ а журналым кьыхетхуэнущ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

ОфIэ Iэщ

Хъарзынэу къыщIадзат

«Локомотив» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 4:1 (2:1). Мэлыжьыхьым и 26-м. Мэзкуу. «Локомотив» стадион. ЩIыхь 600 еплъащ.

Судьяр Деушев (Мэзкуу).

«Локомотив»: Гомельхэ, Фролов (Павлов, 46), Зуаги, Миланович (Кад, 46), Новицкий (Алчагиров, 46),ديباльд, Гатагов, Царикаев, Концедалов, Яворский (Панковец, 28, Гоарян, 66), Минченков.

«Спартак-Налшык»: Радич (Кьумыкъу, 46), Соблир (Андереев, 85), Васин, ДышэкI, Кочубей (Патяк, 46), Захарчкъэр (Шумейкэ, 46), Захаров (Степанов, 46), Зрум, Бикмаев, Гъэущокъуэ (Ащхьуэт, 69), Калимуллин (Гъубж, 46).

Топхэр дагъэкIащ Калимуллин, 23 (0:1). Минченков, 37-пенальти, Минченков, 37-пен. (2:1). Минченков, 65 (3:1). Гоарян, 81 (4:1).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Захаров, Концедалов, Соблир, Шумейкэ, Минченков, Гоарян, Бикмаев.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ гупхэм я зэхьэзэхуэм кьриубыдэу щэбэтым «Спартак-Налшыкыр» Мэзкуу щыщIащ гупыр таблицэм пашэныгъэр щызыIыгъ «Локомотивым». ЗэIущIэр ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэкIэ щIидзащ. Хэгъэрейхэми апхуэдэу тыншу зыкъатын мурад зэрамыIэр наIуэт икIи дэтхэнэ зы ебгъэрыкIуэныгъэри тыншу дыдэу кьызэпаудырт.

Зыбжанэрэ зи Iуэхур кьыкIа налшыкдэсхэм я мурадыр кьехъуIащ. ЗэIущIэм я пэ Iыхьэм хухаха зэманым и ныкъуэр кIуаеуэ «Спартак-Налшыкым» бжьыгъэр зыкъэIуихащ. Топыр кьызыIэрыхьа Калимуллиным ар Iэзэу щIэкIуащ икIи и командэр япэ иригъэщащ - 0:1.

Хэгъэрейхэм япэу топ зэрыхудагъэкIам къиша гуфIэгъэуэр кIэщI ящыхъуащ ди щIалэхэм. Ди гъащIхьэхьумэхэм яIэщIкIауэ, щтрафнойм ихьауэ, гъуэм хуэкIуэ Минченковыр ирауду фIэкIа къахуэгъэувыIакъым. Футбол хабзэм зэрыжиIэм хуэдэу, суд дьям метр 11-м игъэльэгъуащ. Гъуащхьауэм пенальтим къаруушхуэ хилъхьэри еуащ икIи Радич абы пэлъэщащым. ПсынщIэу бжьыгъэр зэхуэдэ зэращIыжам ди щIалэхэм я лъэщIикIащ. Дакъикъищ нэхъ дэмыкIыну «Спартак-Налшыкым» и гъащIхьагъэхэм аргуэру щыуагъэ яIэщIэкIащ. Нэхъапэм хуэдэу абыхэм Минченковыр штрафнойм щрадащ - пенальти. КъыкIэлъыкIуэ пенальтири фIы дыдэу игъэззэщIащ абы. Командэхэм яку дэлъ зэнэхъуэкъуэгъэр нэхъ ужьыхауэ зэIущIэм и япэ Iыхьэр ихащ.

Загъэнсэхуу къыщIихьэжам щыгъуэ, зэхьэрэхуэрэгъуэхэм зэхъуэкIынигъэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIат, командэхэр ягъэлъэщын мурад иIэу. Япэ Iыхьэм щыщIэгуахэм ящыщу футболиститу зыхъуэжа Гъубжым и мурадхэр кьехъуIакъым икIи къригъэхьахэр и командэм сэбэп кьыхуэхьуфакъым.

ЕтIуанэ Iыхьэр зэрыщIадзэжрэ дакъикъэ тIощI дэкIаеуэ, а махуэм кьызэрыкIа Минченковым хет-трик игъэззщIащ. Ар ди гъащIхьэхьумэхэм яIэщIкIыфащ икIи лъэщу зэуэ топыр Къумыкъым и гъуэм дигъэкIащ.

Къэнэжа зэманым «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр зыбжанэрэ «Локомотивым» и гъуэм ебгъэрыкIуэну хущIэкъуащ, арщхьэкIэ хэгъэрейхэм я гъащIхьэхьумэхэм дагъэзнэсу абыхэм топыр кьыгIэщIыкыр икIи зэнщIэу контратакэм къыщIадзэрт. Апхуэдэу мэзкуудэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым зэIущIэм и бжьыгъэм хигъэхъуащ джэгупIэ губгъуэм кьыззрихьэрэ куэд мыщIа Гоарян - 4:1. Арати, иужьрей зэIущIиц ирагъэкIуэкIам ди щIалэхэр бжьыгъэшхуэкIэ кьыщыкIагъэщIащ. Ар узыгъэпейтей Iуэхугъуэщ.

Адрей щIалэгъуалэ командэхэр зэрызэдэжьагъар: «Спартак» (Мэзкуу) - «Москва» (Мэзкуу) - 1:1, «Томь» (Томск) - «Сатурн» (Мэзкуу область) - 1:1, «Луч-Энергия» (Владивосток) - ЦСКА (Мэзкуу) - 0:0, «Динамо» (Мэзкуу) - «Рубин» (Къэзан) - 2:2, «Химки» (Химки) - «Крылья Советов» (Самарэ) - 2:1, «Амкар» (Пермь) - «Шинник» (Ярославль) - 1:1.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЗэIущIэ нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Мэзкуу очко къитшыну дыкъэкIуат

Мэзкуу щриГъэкIуэкIа иужьрей зэIущIитIым и командэр кьызэрыщыхамыгъэщIэфам тренерыр иригушхуэрт.

- «Локомотивым» топыр нэхъыбэрэ иIыгъащ, ауэ топ кьытхудагъэкIыну Iэмал куэд еттакъым абы. Ди гъащIхьэхьумэхэр хьарзынэу джэгуагъэ кьызолъытэ, ауэ ебгъэрыкIуэныгъэр нэхъыбIыну сыщыгугъащ. Ар кьыдэхьулIатэмэ, бжьыгъэр нэгъуэщIу щытыну кьащIэкIынт. Тегушхуэныгъэ тхуримыкъуагъэ кьысщохъу.

- Сыт хуэдэ мурадхэр щыIэу Мэзкуу фыкъэкIуат?

- Мэзкуу очко щхьэкIэ дыкъэкIуати, ар къэтхьащ.

РАХИМОВ Рашид, *«Локомотивым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Ди гугъуехьхэр псыхэкIуадэ мэхъу

И щIалэхэм кьагъэлъэгъуа джэгуКIэмкIэ мыарэзы тренерыр гукъыдэжьыщIт.

- Нобэрей зэIущIэр сигу ирихьакъым. Араш зэIущIэм техуауэ сухъыIэнур.

- Нэхъ зэпкьрыхауэ утепсэлъыхьмэ-що?

- Сигу ирихьыхакъым. Апхуэдэу удджэгуну джэгупIэ губгъуэм укъыхьэ хъунущи. Тхьамахуэ псоIэ зыдгъэхьэзырауэ губгъуэм дыкьихьа нэужь, ди щхьэр лажьэркъым.

- Гуренкэ щIэпхъуэжар джэгуКIэ тэмэм кьызэримыгъэлъагъуэр ара?

- ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм дэ къыщыдгъэлъэгъуа джэгуКIэмкIэ командэм и ныкъуэр пхъуэжыну кьалэжьт. Гуренкэ топэр нобэ тэмэму хуэтэжьым.

- ЗэIущIэ еГIуанэ хьауэ? топ дэвгъэкIыфкъым. Фи гъащIхьауэхэр тэмэму мылажьэу ара?

- Командэ псор тэмэму мылажьэу арагъ.

- Сыт хуэдэ Iэмал иIэ ар бгъэзэкIуэжыну?

- Зыдгъэсэнщ.

- Пенальти фыщеуэм щыгъуэ топдзэгуэхэм зыгуэр яже-пIат. Одемвингие топым ебгъэуэну ара?

- Нэхъ кьыхьагъащIэ Маминовыр езгъэуэну арат. Одемвингие тегушхуэри, топыр кьищтащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дигъэкIыфакъым. Иджы сыт псом нэхъри нэхьыбэу мэгузавэ.

- «Рубиныр» куэдкIэ фи япэ зэрищам чигъэIейтенркъэ?

- Сыт сэ абы сыщIигъэIейтеин хуейр?

- Чемпион фыхьыну кьалэн зыхуэвгъэувыжакъэ?

-Фэрэщ апхуэдэ кьалэн кьыхъуэныгъэувар. Псом япэрэущ, джэгуКIэ тэмэм зэттехуэхэм. ЗэкIэ ар кьыдэхьулIэркъым.

Зытхыжар **МЭЗКУУ КъащIобийщ.**

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Хъарзынэу къыщIадзат

«Локомотив» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 4:1 (2:1). Мэлыжьыхьым и 26-м. Мэзкуу. «Локомотив» стадион. ЩIыхь 600 еплъащ.

Судьяр Деушев (Мэзкуу).

«Локомотив»: Гомельхэ, Фролов (Павлов, 46), Зуаги, Милановичи (Кад, 46), Новицкий (Алчагиров, 46),ديباльд, Гатагов, Царикаев, Концедалов, Яворский (Панковец, 28, Гоарян, 66), Минченков.

«Спартак-Налшык»: Радич (Кьумыкъу, 46), Соблир (Андереев, 85), Васин, ДышэкI, Кочубей (Патяк, 46), Захарчкъэр (Шумейкэ, 46), Захаров (Степанов, 46), Зрум, Бикмаев, Гъэущокъуэ (Ащхьуэт, 69), Калимуллин (Гъубж, 46).

Топхэр дагъэкIащ Калимуллин, 23 (0:1). Минченков, 37-пенальти, Минченков, 37-пен. (2:1). Минченков, 65 (3:1). Гоарян, 81 (4:1).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Захаров, Концедалов, Соблир, Шумейкэ, Минченков, Гоарян, Бикмаев.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ гупхэм я зэхьэзэхуэм къриубыдэу щэбэтым «Спартак-Налшыкыр» Мэзкуу щыщIащ тарлицэм пашэныгъэр щызыIыгъ «Локомотивым». ЗэIущIэр ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэкIэ щIидзащ. Хэгъэрейхэми апхуэдэу тыншу зыкъатын мурад зэрамыIэр наIуэт икIи дэтхэнэ зы ебгъэрыкIуэныгъэри тыншу дыдэу кьызэпаудырт.

Зыбжанэрэ зи Iуэхур кьыкIа налшыкдэсхэм я мурадыр кьехъуIащ. ЗэIущIэм я пэ Iыхьэм хухаха зэманым и ныкъуэр кIуаеуэ «Спартак-Налшыкым» бжьыгъэр зыкъэIуихащ. Топыр кьызыIэрыхьа Калимуллиным ар Iэзэу щIэкIуащ икIи и командэр япэ иригъэщащ - 0:1.

Хэгъэрейхэм япэу топ зэрыхудагъэкIам къиша гуфIэгъэуэр кIэщI ящыхъуащ ди щIалэхэм. Ди гъащIхьэхьумэхэм яIэщIкIауэ, щтрафнойм ихьауэ, гъуэм хуэкIуэ Минченковыр ирауду фIэкIа къахуэгъэувыIакъым. Футбол хабзэм зэрыжиIэм хуэдэу, суд дьям метр 11-м игъэльэгъуащ. Гъуащхьауэм пенальтим къаруушхуэ хилъхьэри еуащ икIи Радич абы пэлъэщащым. ПсынщIэу бжьыгъэр зэхуэдэ зэращIыжам ди щIалэхэм я лъэщIикIащ. Дакъикъищ нэхъ дэмыкIыну «Спартак-Налшыкым» и гъащIхьагъэхэм аргуэру щыуагъэ яIэщIэкIащ. Нэхъапэм хуэдэу абыхэм Минченковыр штрафнойм щрадащ - пенальти. КъыкIэлъыкIуэ пенальтири фIы дыдэу игъэззщIащ абы. Командэхэм яку дэлъ зэнэхъуэкъуэгъэр нэхъ ужьыхауэ зэIущIэм и япэ Iыхьэр ихащ.

Загъэнсэхуу къыщIихьэжам щыгъуэ, зэхьэрэхуэрэгъуэхэм зэхъуэкIынигъэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIат, командэхэр ягъэлъэщын мурад иIэу. Япэ Iыхьэм щыщIэгуахэм ящыщу футболиститу зыхъуэжа Гъубжым и мурадхэр кьехъуIакъым икIи къригъэхьахэр и командэм сэбэп кьыхуэхьуфакъым.

ЕтIуанэ Iыхьэр зэрыщIадзэжрэ дакъикъэ тIощI дэкIаеуэ, а махуэм кьызэрыкIа Минченковым хет-трик игъэззщIащ. Ар ди гъащIхьэхьумэхэм яIэщIкIыфащ икIи лъэщу зэуэ топыр Къумыкъым и гъуэм дигъэкIащ.

Къэнэжа зэманым «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр зыбжанэрэ «Локомотивым» и гъуэм ебгъэрыкIуэну хущIэкъуащ, арщхьэкIэ хэгъэрейхэм я гъащIхьэхьумэхэм дагъэзнэсу абыхэм топыр кьыгIэщIыкыр икIи зэнщIэу контратакэм къыщIадзэрт. Апхуэдэу мэзкуудэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым зэIущIэм и бжьыгъэм хигъэхъуащ джэгупIэ губгъуэм кьыззрихьэрэ куэд мыщIа Гоарян - 4:1. Арати, иужьрей зэIущIиц ирагъэкIуэкIам ди щIалэхэр бжьыгъэшхуэкIэ кьыщыкIагъэщIащ. Ар узыгъэпейтей Iуэхугъуэщ.

Адрей щIалэгъуалэ командэхэр зэрызэдэжьагъар: «Спартак» (Мэзкуу) - «Москва» (Мэзкуу) - 1:1, «Томь» (Томск) - «Сатурн» (Мэзкуу область) - 1:1, «Луч-Энергия» (Владивосток) - ЦСКА (Мэзкуу) - 0:0, «Динамо» (Мэзкуу) - «Рубин» (Къэзан) - 2:2, «Химки» (Химки) - «Крылья Советов» (Самарэ) - 2:1, «Амкар» (Пермь) - «Шинник» (Ярославль) - 1:1.

КЪЭХЪУН Бэч.

● ДифI догъэлъапIэ

Нало Леонид куэд хузэфIокI

Щытхъу ин къалэжь щIэблэр гъэсэным, егъэджэным, узыщIэну къэгъэтэджыным, гъэзгу тэмэм тегъэувэным зи гъащIэр щхьэзыхь хуэзыщI. Абыхэм ящыщщ ильэс 50-м ныкъорыхьосауэ Хьэтуэн къуажэ школым щылажьэ Нало Леонид. И Iуэхущафэ дахэхэм папщIэ кърата саугъэт, дамыгъэ кьомым иджыблагъэ кьахэхьуащ нэгъуэщI зым - «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ» щIэ гъапIэр кьыхуагъэфэщащ.

ЛЕОНИД спортым и мастерщ, ныбжьыщIэхэри абы дрегъэхьэх, егъасэ. Езым лъэпкъ бэнэкIэмкIэ мызэ-мытIэу бжьыпэр кьыщихьащ Кьэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Iшхьэрэми щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм. Налом и гъэсэн бэнакIуэ щIалэхэр куэдрэ хэтащ районым, республикэм щекIуэкI спорт зэпеуэхэм икIи апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу япэ увыпIэкIэ кьыщихьащ.

Зыхэт егъэджакIуэ гупми пщIэшхуэ кьыщыхуащI Нало Леонид. Абы игури и псэри зэтар, и гъащIэр зытригухуар я жьыпэм, лъэпкъым и пщIэр зыIэтын ныбжьыщIэхэр гъэсэныраци, а Iэнатlэм екIуэрэ ешхыу бгъэдэтщ.

Унагъуэ хъарзыни иIэщ Леонид. Быныфl иплащ: и пхъуитхури унагъуэ щхьэхуэу мэпсэу. Ди гуапэщ ноб зыпэрыт лэжьыигъэр а лIы емыээщыжым иджыри ильэс Iэджэкъэ ирихьэкIыну, и гъэсэн ныбжьыщIэ хэр езыр зыхьуейм хуэдэ щыIуэ хъуну, абыхэм я ехъулIэныгъэхэм дэрэжэгъуэ кьрату кьуэдрэ псэуну.

МЫЗ Ахьмэд.

● Iуэху епatъыкIэ

«Псынэм» топсэлъыхь

Мэлыжьыхьым и 23-м «Шыхулъагъуэм", тхэн щIэзыдзахэм я литературэ хасэм, кьыхуеблагъат адыгэ гъащIэмрэ щэнхабзэмрэ хуэгъэпса журнал "Псынэм" и редактор нэхъыщхьэ Мэремкьул Ларисэ.

ЗЭУЩIЭМ и гупсысэ нэхъыщхьэу щытар иджыблагъэ кьыдэкIа журналыщIэм и теплъэм, абы итхыгъэхэм ятеуауэу тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм гу зылъатэм тегъэпсэльыхьныырт.

Абыхэм зэдзэрэзыуэ кьыхагъэщащ журналыр кьыщIэдгъэкIа кьудейри ехьулIэныгъэщхьэу зэрыщытыр. Дауи, сыт хуэдэ Iуэхум фIыи ныкъусаныгъэ зэрыхэлъым хуэдэу, журналым дагъуэ гъуэри иIэну кьахутащ "Шыхулъагъуэм" кьекIуалIэхэм апхуэдэ гупсысэ зэраIэр, литературэ хасэм и тхьэмахуэ Хьэх Сэфарбий фIыщIэ ин хуищIащ гукъыдэжьыщхэр иIэу щIалэгъуэлэм зэрадзэлажьэм папщIэ.

КьызэрыщIэкIымкIэ, "кьыщIэхъуэ щIэблэр зэкIуэкIащ, хабзи щIэныгъи кьафIэIуэхужьыкъым" жызыIэхэр уэрабжьу щоуэ. Ар кьыгъэлъагъуэнущ "Псынэмрэ" "Шыхулъагъуэм" кьекIуалIэхэмрэ зэдэлажьэну зэрыцэгурыIуэм. Кьапщтэмэ, щIалэгъуэлэм я гупсысэхэр кьыхэхэщ тхыгъэ дяпэкIэ а журналым кьыхетхуэнущ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Мазэ лэжьыгъэ

Лъахэмрэ тхыдэмрэ

Налшык дэт санаторэ щапхъэм ит еГIуанэ еджапIэм щекIуэкIащ лъахэр фIыуэ лъагъуным ехьэлIа гуфIэгъэ зэIущI.

ЗЭУЩIЭМи пэ кьихуэру егъэджакIуэхэм еджакIуэ цыкIухэм «Лъахэм и тхыдэ